



# Depatman Edikasyon ak Swen Bonè<sup>1</sup> Commonwealth Massachusetts la

| Politik   |  |
|---|--|
| <b>ECC Pwosesis Verifikasyon<br/>Istwa Pase pa Tip Pwogram pou<br/>tout Tip Pwogram</b> | <b>Operasyon sou Teren – Tout<br/>pwogram ki gen Lisans ak<br/>Finansman</b> |
| Dat Antre an Vigè: 22 out 2023  |  |

Depatman Edikasyon ak Swen Bonè (EEC) bay kandida yo lisans ak apwobasyon nan divès tip pwogram. Chak tip pwogram gen règleman diferan konsènan verifikasyon istwa pase (BRCs). Men yon rezime egzijans EEC BRC yo:

## **Swen Timoun nan Fanmi**

Sa gen ladan edikatè swen pou timoun nan fanmi (FCC) ansanm ak manm fwaye yo ki gen 15 ane oswa plis; moun ki regilyèman nan lokal la ki gen 15 ane oswa plis; tout asistan FCC yo; ak nenpòt moun ki bay sèvis nan non, oswa ki afilye, oswa ki preznan nan pwogram sa yo. Yon egzanp moun ki afilye gen ladan anplwaye Sistèm FCC ak pèsonèl transpò. *Gade Tablo Afilye Tyès Pati yo* (anba a). Volontè adomisil FCC yo dwe jere nan kad wòl yon moun ki regilyèman nan lokal la, sa vle di moun sa yo dwe toujou gen yon EEC BRC.

Pami kèk eleman kle nan règleman EEC BRC ki aplikab pou kandida FCC yo genyen:

- Egzijans EEC BRC yo se pou verifikasyon ki baze sou anprent, Enfòmasyon sou Dosye Delenkan Kriminèl (CORI), Depatman Timoun ak Fanmi (DCF), Enfòmasyon sou Rejis Delenkan Seksyèl (SOR), Rejis Nasional Delenkan Seksyèl (NSOR) epi, lè sa aplikab, tout verifikasyon andeyò eta a ki obligatwa pa Sibvansyon Blòk Swen ak Devlopman Timoun (CCDBG).
- Kandida ki gen lisans FCC ak Asistan yo sijè a sèten diskalifikasyon obligatwa lalwa federal egzije.
- Kandida FCC yo pa ka travay nan yon estati pwovizwa; olye de sa, yo dwe ranpli tout pwosesis BRC a epi jwenn yon rezulta apwopriye anvan yo kapab resevwa yon lisans oswa apwobasyon.
- Tout manm fwaye ak moun ki regilyèman nan lokal la dwe konsidere apwopriye anvan yo ka bay yon edikatè FCC yon lisans.
- Tout tyès pati ki afilye a pwogram FCC ki ka gen aksè san sipèvizon a timoun yo dwe ranpli yon BRC, menm si yo preznan sèlman sou yon baz tanporè.

## **Swen Timoun Gwoup ak Laj Lekòl**

Pwogram Swen Timoun nan Laj Lekòl yo (GSA) bay edikasyon bonè ak swen pou timoun piti nan anviwònman kominotè andeyò kay timoun nan oswa kay edikatè a. Yon titilè lisans nan yon pwogram swen timoun gwoup ak laj lekòl gen ladan tout moun k ap chèche jwenn, renouvre, oswa kenbe yon lisans oswa apwobasyon EEC. Tout anplwaye ak estajyè ki anplwaye oswa volontè swa a tit pèmanan oswa tanporè nan gwoup ak pou timoun ki nan laj pou lekòl yo dwe ranpli yon EEC BRC, san konsidere si moun sa yo gen aksè san sipèvizon a timoun li sèvi yo. Anplis de sa, EEC mande yon BRC pou moun ki volontè a yon tit san sipèvizon nan pwogram EEC ki gen lisans, apwouve, oswa finanse.

Pami kèk eleman kle nan règleman EEC BRC ki aplikab pou kandida FCC yo genyen:

- Egzijans EEC BRC yo se pou verifikasyon ki baze sou anprent, CORI, DCF, SOR, ak NSOR epi, lè sa aplikab, tout verifikasyon andeyò eta ke CCDBG egzije.
- Kandida GSA yo sijè a sèten diskalifikasyon obligatwa lalwa federal egzije.
- EEC dwe revize tout enfòmasyon BRC pou detèmine si istwa pase yon kandida apwopriye dapre lwa etatik ak federal epi li pa ka delege revizyon an bay pwogram yo.
- Moun ki gen lisans yo dwe gen yon desizyon global "apwopriye" anvan yo ka bay oswa renouvre yon lisans.
- Administratè Pwogram BRC, Anplwaye, estajyè, ak volontè (kote sa aplikab) ka travay oswa yo ka prezan nan yon estati pwovizwa sipèvize avèk apwobasyon EEC. Sipèvizon an dwe dirèk ak konstan epi li ka fèt pa nenpòt anplwaye pwogram nan ki gen yon detèminasyon aptitud EEC kounye a.
- Travay kondisyonèl pa aplikab pou kandida GSA yo.
- Tout tyès pati (ki pa anplwaye) nan pwogram swen GSA ki ka gen aksè san sipèvizon a timoun yo dwe ranpli yon BRC, menm si yo prezan sèlman sou yon baz tanporè.

## **Pwogram ki finanse yo**

Pwogram ki resevwa finansman atravè yon bon oswa kontra pou asistans finansye pou swen timoun ki finanse pa EEC, men ki pa oblige gen lisans EEC, dwe ranpli yon EEC BRC. Tout anplwaye yo sijè a yon EEC BRC san konsidere si yo ka gen aksè san sipèvizon a timoun yo.

Kèk eleman kle nan règleman EEC BRC ki aplikab pou Pwogram Finansye yo enkli:

- Egzijans EEC BRC yo se pou verifikasyon ki baze sou anprent, CORI, DCF, SOR, ak NSOR epi, lè sa aplikab, tout verifikasyon andeyò eta ke CCDBG egzije.
- Kandida GSA yo sijè a sèten diskalifikasyon obligatwa lalwa federal egzije.
- EEC dwe revize tout enfòmasyon BRC pou detèmine si istwa pase yon kandida apwopriye dapre lwa etatik ak federal epi li pa ka delege revizyon an bay pwogram yo.
- Administratè Pwogram Deziyen yo nan Pwogram Finansye yo dwe gen yon desizyon global "apwopriye" anvan yo bay oswa renouvre finansman an.
- Administratè Pwogram BRC, Anplwaye, estajyè, ak volontè (kote sa aplikab) ka travay oswa yo ka prezan nan yon estati pwovizwa sipèvize avèk apwobasyon EEC. Sipèvizon an dwe dirèk ak konstan epi li ka fèt pa nenpòt anplwaye pwogram nan ki gen yon detèminasyon aptitud aktyèl EEC.
- Travay kondisyonèl pa aplikab pou pwogram ki finanse yo.

- Tout tyès pati (ki pa anplwaye) nan pwogram finanse ki ka gen aksè san sipèvizon a timoun yo dwe konplete yon BRC, menm si yo prezan sèlman sou yon baz tanporè.

### **Moun k ap bay Swen nan Kay e ki pa Manm Fanmi an**

Yon moun ki resevwa finansman nan Fon Developman Swen Timoun (CCDF) atravè EEC yo pou bay swen pou timoun ki sipòte pa asistans finansye a yon timoun li pa gen lyen avèk li nan pwòp kay timoun nan dwe ranpli yon EEC BRC.

Kèk eleman kle nan règleman EEC BRC ki aplikab pou Pwogram Swen Adomisil ki pa Manm Fanmi yo enkli:

- Egzijans EEC BRC yo se pou verifikasyon ki baze sou anprent, CORI, DCF, SOR, ak NSOR epi, lè sa aplikab, tout verifikasyon andeyò eta ke CCDBG egzije.
- Kandida GSA yo sijè a sèten diskalifikasyon obligatwa lalwa federal egzije.
- Kandida adomisil ki pa manm fanmi yo pa ka travay nan yon estati pwovizwa oswa kondisyonèl epi yo dwe gen yon desizyon global "apwopriye" anvan yo resevwa finansman EEC oswa anvan EEC bay yon akò sou bon.

### **Moun k ap bay swen e ki manm fanmi an**

Yon moun ki se yon granparan, matant, tonton, oswa frè ak sè de san, maryaj, oswa adopsyon yon timoun, ki resevwa finansman atravè EEC pou bay swen pou yon timoun lakay li oswa lakay timoun nan.

Kèk eleman kle nan règleman EEC BRC ki aplikab pou yon moun k ap bay swen e ki manm fanmi an gen ladan yo:

- Egzijans EEC BRC dwe konplete yon verifikasyon SOR ak yon verifikasyon NSOR, lè yo aplike.
- Rezulta ki soti nan yon verifikasyon SORI oswa NSOR pral konstitye yon diskalifikasyon obligatwa.
- Kandida ki manm fanmi yo pa ka travay nan yon estati pwovizwa oswa kondisyonèl epi yo dwe gen yon desizyon global "apwopriye" anvan yo resevwa finansman EEC.

### **Pwogram Rezidansyèl ak Ajans Plasman**

Pwogram Rezidansyèl ak Plasman (R&P) bay swen ak sèvis gadyen pou timoun yo, swa annakò avèk yon paran oswa gadyen, pa kontra avèk yon ajans leta, oswa apre yon referans pa yon tribinal konpetan. Yon moun ki gen lisans nan yon pwogram Rezidans oswa Plasman enkli moun k ap chèche jwenn, renouvre, oswa kenbe yon lisans EEC oswa apwobasyon pou yon pwogram rezidansyèl oswa ajans plasman. Tout anplwaye ak estajyè ki travay oswa asosye nan yon kapasite pèmanan oswa tanporè nan pwogram rezidansyèl ak plasman dwe ranpli yon EEC BRC, san konsidere si moun sa yo gen aksè san sipèvizon a timoun yo sèvi yo. Moun ki volontè nan yon kapasite san sipèvizon nan yon pwogram R & P sijè tou a yon EEC BRC.

Kèk eleman kle nan règleman EEC BRC ki aplikab pou Pwogram R & P yo enkli:

- Egzijans EEC BRC yo gen ladan verifikasyon ki baze sou anprent, CORI, DCF, ak SORI. Anplis de sa, lè sa aplikab, kandida pwogram rezidansyèl yo pral sibi yon verifikasyon byennèt timoun andeyò eta a.

- Lwa federal pa soumèt kandida sa yo a diskalifikasyon obligatwa; sepandan, chaj yo jwenn sou [Tablo Enfraksyon Diskalifikasyon – Diskalifikasyon Obligatwa](#) yo pral trete kòm diskalifikasyon prezime epi mande yon revizyon BRC.
- Moun ki gen lisans yo dwe gen yon desizyon global "apwopriye" anvan yo kapab bay oswa
- renouvre yon lisans.
- Travay kondisyonèl pa aplikab pou kandida GSA yo.
- Estati pwovizwa pa aplikab pou kandida sa yo.
- Kandida rezidansyèl ak Plasman yo dwe ranpli tout pwoesisis BRC a epi jwenn yon rezulta apwopriye anvan yo ka kòmanse travay nan yon pwogram.

## **Paran Akèy ak Paran Adoptif yo**

Pwogram ki gen rapò ak adopsyon ak swen adoptif yo dwe ranpli yon EEC BRC. Egzijans yo enplike kandida aktyèl ak kandida potansyèl pou paran adoptif ak paran akèy ak manm fwaye paran adoptif oswa paran akèy ki gen 15 ane oswa plis ki pa sijè a konpetans DCF.

Kèk eleman kle nan règleman EEC BRC ki aplikab pou paran adoptif yo enkli:

- Egzijans EEC BRC yo se pou verifikasiyon ki baze sou anprent, CORI, ak SORI.
- Yo ranpli verifikasiyon DCF yo dirèkteman atravè DCF.
- Kandida sa yo pa sijè a diskalifikasyon obligatwa.
- Byen ke EEC konplete verifikasiyon sa yo, EEC pa bay okenn rezulta konsènan aptitud.

## **Afilye Tyès Pati yo**

EEC pa bay yon lisans oswa finansman a afilye tyès pati ki ka afilye ak nenpòt kalite pwogram EEC ki gen lisans, apwouve, oswa finanse. Yon konpayi afilye oswa yon moun gen asosyasyon regilye ak yon pwogram EEC ki gen lisans, apwouve, oswa finanse atravè travay, kontra oswa yon akò enfòmèl ak pwogram nan oswa paran yo nan bi pou bay sèvis nan non pwogram nan a yon timoun ki prezan.

Egzant afilye tyès pati yo enkli: pèsonèl transpò, kontraktè, soukontraktè, vandè, founisè medikal, amplwaye sistèm FCC, antrenè, ak terapet ki ede nan yon fason ki fè yo gen aksè san sipèvizon a timoun yo.

Kèk eleman kle nan règleman EEC BRC ki aplikab pou Afilye Tyès Pati yo enkli:

- Egzijans EEC BRC yo se pou verifikasiyon ki baze sou anprent, CORI, ak SORI.
- NSOR ak tout verifikasiyon andeyò eta CCDBG obligatwa pou afilye tyès pati GSA ak FCC yo.
- Verifikasiyon byennèt timoun andeyò eta a obligatwa pou nenpòt kandida rezidansyèl ki aplikab
- Kandida afilye yo sijè a diskalifikasyon obligatwa, sof si kandida a afilye ak yon pwogram rezidansyèl ak plasman, ki gen chaj yo pral trete kòm yon diskalifikasyon prezime ki mande yon revizyon BRC.
- Afilye tyès pati yo pa sijè a anbochaj pwovizwa.

Kilè yon Afilye Tyès Pati Sijè a yon BRC EEC?

| FONKSYON                     | AKSÈ SIPÈVIZE?   | BRC |
|------------------------------|--|-----|
| Antrenè                      | Sipèvize   | Non |
| Antrenè                      | San sipèvizyon   | Wi  |
| Anplwaye Sistèm FCC          | Toujou sipoze yo regilyèman nan lokal yo<br>epi san sipèvizyon | Wi  |
| Pèsonèl Transpò              | Toujou sipoze yo san sipèvizyon                                | Wi  |
| Enstriktè Andeyò Kourikoulòm | Sipèvize   | Non |
| Enstriktè Andeyò Kourikoulòm | San sipèvizyon   | Wi  |
| Terapet                      | Sipèvize   | Non |
| Terapet                      | San sipèvizyon   | Wi  |
| Anplwaye Entèvansyon Bonè    | Sipèvize (dwe toujou nan estati sa a)                          | Non |
| Vandè                        | Sipèvize   | Non |
| Vandè                        | San sipèvizyon   | Wi  |
| Kontraktè / Soukontraktè     | Sipèvize   | Non |
| Kontraktè / Soukontraktè     | San sipèvizyon   | Wi  |
| Founisè Medikal              | Sipèvize   | Non |
| Founisè Medikal              | San sipèvizyon   | Wi  |